PDF-XChange Viewer
Click to buy NOW!
www.docu-track.com



–тәрбияланыўшыларда аўқатланыў менен байланыслы жуқпалы кеселликлердиң тарқалыўына жол қоймаў;

–тәрбияланыўшылар арасында саламат аўқатланыў көникпелерин қәлиплестириў;

– аўқатларды таярлаўда, азық-аўқат өнимлерин қабыллаў ҳәмде сақлаўда санитария қағыйдалары, нормалары ҳәм гигиена нормативлерине қатаң әмел етиў.

Тәрбияланыўшыларды саламат аўқатландырыў бағдары аутсорсинг усылында шөлкемлестирилмеген жағдайда тиккелей мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлери тәрепинен шөлкемлестириледи.

Тәрбияланыўшыларды саламат аўқатландырыў санитария-гигиена илажлары ҳәм эпидемияға карсы илажлардың орынланыўына қатаң әмел еткен халда шөлкемлестириледи. Аспазлар тәрепинен аўқат таярлаў процессинде технология ҳәм техника қәўипсизлиги қағыйдаларына әмел етилиўи әҳмийетли орын ийелейди.

Демек, саламат турмыс тәризин қәлиплестириўдиң тийкарғы мазмунын қурайтуғын тийкарғы факторлардан бири бул саламат (дурыс) – рационал аўқатланыў болып табылады. Рационал аўқатланыў машқаласы, халық арасында саламат турмыс тәризин қәлиплестириўдиң ең тийкарғы ҳәм жетекши принциплеринен бири есапланады. Саламат аўқатланыў – саламат турмыс тәризиниң тийкарғы бағдарларынан бири болып, саламат аўқатланыў илим ҳәм көникпелеринен хабардар болыў ҳәр бир инсан ушын зәрүр. Саламат аўқатланыў – бул инсанның өсиўи, нормаль раўажланыўы ҳәм турмыс искерлигин, оның саламатлығын беккемлеў ҳәмде кеселликлердиң алдын алыўды тәмийинлеўге имкан бериўши аўқатланыў болып табылады.

**Пайдаланылған әдебиятлар**

1. «Мәмлекетлик мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлеринде саламат аўқатландырыў тәртибин жетилистириў илажлары ҳаққында»ғы 2025-жыл 6-январь күниги 1-санлы Ҳүкимет қарары.

2. «Мәмлекетлик мектепке шекемги билимлендириў мәкемелеринде саламат аўқатландырыў системасын жәнеде жетилистириў ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2019-жыл 25-июльдеги 626-санлы қарары.

3. Өзбекстан Республикасы Мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлеринде тәрбияланып атырған балалардың қәўипсиз ҳәм сыпатлы аўқатланыўын шөлкемлестириўге қойылатуғын гигиеналық талаплар (СанҚваН №0016-21)

4. «Мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлеринде саламат аўқатландырыўды шөлкемлестириў бойынша аспазлар ушын оқыў қолланбасы». Г.Юлдашев, Нөкис 2023-ж.

5. http://www.uzedu.uz - Өзбекстан Республикасы Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги сайты.

6. http://www.kkedu.uz – Қарақалпақстан Республикасы Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги сайты.

7. http://www.lex.uz - Өзбекстан Республикасы Нызам ҳүжжетлери мағлыўматлар миллий базасы сайты.

## JÁMIYETTI ANALIZLEWDE SINERGETIKA PARADIGMASÍNÍŃ METODOLOGIYALÍQ ÁHMIYETI

**A.K.Orazbayev** – *Sociallıq pánler kafedrasınıń docenti, f.i.b.f.d (PhD)*
*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*

**Tayanısh sózler:** sinergetika, jámiyet, shaxs, ashıq sistema, xaos, óz-ózin shólkemlestiriwshi, bifurkaciya, sızıqlı sistema, sızıqlı emes sistema.

**Ключевые слова:** синергетика, общество, личность, открытая система, хаос, самоорганизация, бифуркация, линейная система, нелинейная система.

**Key words:** synergetics, society, personality, open system, chaos, self-organization, bifurcation, linear system, nonlinear system.

Jámiyetti izertlewdiń hár qıylı paradigmaları islep shıǵılǵan. Sonday-aq, naturalistlik paradigma, konstruktivistlik paradigma, postmodernistlik paradigma, psixologiyalıq paradigma h.t.b. Naturalistlik paradigmada jámiyet biologiyalıq organizm sıpatında yaki mexanikalıq mashina sıpatında úyrenilgen bolsa, konstruktivistlik paradigmada jámiyet insan tárepinen jaratılǵan konstrukt sıpatında, postmodernistlik paradigmada xaotikalıq

PDF-XChange Viewer Click to buy NOW! www.docu-track.com



PDF-XChange Viewer Click to buy NOW! www.docu-track.com

aspektine itibar bergen bolsa, psixologiyalıq paradigmada jámiyettiń qubılısları insannıń instinktiv qásiyetlerine baylanıslı halda izertlenedi. Usı paradigmalarǵa qosımsha jámiyettiń zamanagóy izertlewlerinde, ádebiyatlarda sinergetikalıq paradigma keń kólemde qollanılmaqta. Hátteki, sociallıq proceslerdi izertlewshi sinergetikanıń bir bólimi esaplanǵan sociallıq sinergetika baǵdarı da qáliplesti.

Biz sociallıq reallıqtı úyreniwde sinergetika paradigmasınıń imkaniyatların social-filosofiyalıq aspektlerin izertleymiz. Sinergetikanıń metodologiyalıq standartları járdeminde quramalı sociallıq reallıqtıń mazmun hám mánisin ashıp beremiz.

Sinergetika paradigması kontekstinde quramalı sociallıq reallıqtıń mánisin túsiniwde dáslep sinergetikanıń kategorial apparatınıń mazmun hám mánisin túsiniwimizdi talap etedi.

Usı orında atap ótiw kerek, V.Budanovtıń pikirinshe, «sinergetikalıq túsinikler hám principlerdiń túrli tarawlarda keń túrde engiziliwi sebepli, matematikaǵa uqsap universal xarakterge iye bolıp barmaqta»[1].

Sinergetika túsinigin birinshi mártebe ilimiy aylanısqa alıp kirgen nemis alımı G.Xaken pikirinshe, sinergetika bul "Úlken muǵdardaǵı kishi sistemalardıń óz-ara háreketi ulıwma kollektiv effekt bolıp, quramalı sistemalarda turǵın strukturalar hám óz-ózin shólkemlestiriwge alıp keliwshi" [2] proceslerdi túsindiriw ushın isletiledi. Yu.L.Klimontovich bolsa, tómendegishe táriyp beredi: "Sinergetika ǵárezsiz ilimiy taraw emes, ol pánleraralıq jańa ilimiy baǵdar bolıp esaplanadı; onıń maqseti tabiyattanıwdıń túrli tarawları, sonday-aq, sociologiya hám hátteki lingvistikanıń ulıwma nızamlıqları, ulıwma ideya hám metodların júzege shıǵarıw onnan tısqarı sinergetika sheńberinde túrli arnawlı tarawlardıń kooperaciyası júz beredi"[3].

Sinergetikanıń tiykarǵı túsinikleri sıpatında teńsalmaqsızlıq, anıqsızlıq, sızıqlı emes, fluktuaciya, bifurkaciya, attraktor, óz-ózin shólkemlestiriw, dissipaciya hám basqalar alıp qaraladı. Ádette, sociallıq sinergetikada jámiyet sociallıq reallıq sıpatında óz-ózin shólkemlestiriwshi sızıqlı emes ashıq sistema sıpatında alıp qaraladı. Jámiyet óz-ózin shólkemlestiriw ushın birinshiden, ashıq sistema, ekinshiden, sızıqlı emes sistema, úshinshiden dissipativ sistema bolıwdı talap qıladı.

Ashıq sistema degenimiz sırtqı ortalıq penen nárse, energiya hám xabar almasıwı bolatuǵın sistemaǵa aytıladı. Jámiyet ashıq sistema sıpatında sırtqı ortalıq penen (tábiyat, kosmos, basqa sociallıq sistemalar) hárdayım element, energiya hám xabar almasıwı sebepli yaki sociallıq entropiyanıń asıp barıwına yaki sociallıq negentropiya payda boladı. Egerde jámiyetke sırtqı ortalıqtıń tásiri kúsheyip, normadan asıp barıw tendenciyasına baǵdarlanǵan bolsa, onda jámiyet óz-ózin tártipke salıwı yaki óz-ózin shólkemlestiriwi quramalı tus aladı. Máselen, házirgi jaslarımızdıń qádiriyatlarına unamsız tásir qılıwshı massalıq mádeniyattıń tásiri artqan sayın jámiyettiń social-ruwxıy sistemasında entropiya artıp barıp, shaxsta ruwxıy degradaciyası júzege keledi. Jáne bir tárepi, sistema óz-ózin shólkemlestiriw ushın sızıqlı emes, dissipativ sistema bolıwın talap qıladı. Sızıqlı emes bul sistema rawajlanıwınıń kópvariantlıǵı menen anıqlanadı. Sistemanıń dissipaciyası onıń teńsalmaqsızlıǵı menen anıqlanıp, energiyanı sırtqı ortalıqqa shashıratıw esabınan sistema xaostan tártip halatına, teńsalmaqsızlıqtan teńsalmaqlılıq halatına ótedi.

Jámiyet sızıqlı sistema emes, bálkim sızıqlı emes sistema bolıp esaplanadı. Sızıqlı sistemalarda óz-ózin shólkemlestiriw qábileti jaqsı bolmaydı, kerisinshe sızıqlı emes sistemalar óz-ózin shólkemlestiriw imkaniyatına iye boladı. Jámiyet áne usınday sistema bolıp, rawajlanıwı kópvariantlıqqa tiykarlanıp, sistema bólekleri arasında birge islesiw sebepli sistema óz-ózin qollap-quwatlap turadı.

Tábiyattanıw pánleriniń alımları biologiyalıq óz-ózin shólkemlestiriwshi sistemalarda ishki hám sırtqı teńsalmaqlılıq yaǵnıy gomeostazisti saqlap turıw qábileti barlıǵın anıqlaǵan. Sistemanıń bólekleri ortasındaǵı balans hám proporcionallıq, funkciyalar arasındaǵı turaqlılıq ishki gomeostazisti quraydı. Usı belgilerge iye bolǵan jámiyette óz-ózin shólkemlestiriw imkaniyatı joqarı boladı. Sistema óz-ózin shólkemlestiriwi ushın sırtqı ortalıq penen de teńsalmaqlılıqtı saqlap turıwın talap etedi. Bolmasa, sistemaǵa sırtqı tásirdiń norması artıp ketse, sistema óz-ózin shólkemlesiw qábileti páseyedi. Áne usı sıyaqlı jámiyet hám tábiyat ortasındaǵı múnásebetlerde, jámiyettiń tábiyatqa tásiri kemirek bolǵan dáwirlerde tábiyat óz-ózin qayta tiklep turǵan. Biraq, házirgi zamanda jámiyettiń tábiyatqa, atap aytqanda industrial hám postindustrial jámiyetlerde antropogen hám texnogen tásirlerdiń tábiyatqa tásiri kúsheygen sayın tábiyat óz-ózin shólkemlestiriw qábiliyatı páseyip, krizisli halatlardı, ekologiyalıq krizis halatı júz bermekte.

Ilimniń rawajlanıwın sinergetika paradigmasında, ilimdi ózin-ózi shólkemlestiriwshi, sızıqlı emes process sıpatında alıp qaraydı.

Filosofiya pániniń jańa tarmaqlarınan biri bolǵan sinergetika ózin-ózi basqarıw, óz-ózinen

PDF-XChange Viewer
Click to buy NOW!
www.docu-track.com



PDF-XChange Viewer
Click to buy NOW!
www.docu-track.com

payda bolıw teoriyasınan biri esaplanar eken, eń birinshi bul jónelis jámiyet rawajlanıwınıń evolyucion principlerin tiykar etip aladı. Usı tarmaq jámiyette júz berip atırǵan waqıya hádiyselerdiń qay tárizde payda bolıwı olardı analiz etiw jollarınıń dárejesin túsindiriwge qaratılǵan táliymat hám ilimiy biliw metodı sıpatında payda boldı.

Sinergetika júdá jas pán jónelisi bolıp tabıladı. Onıń rawajlanıwına baǵıshlanǵan kóp ǵana maqalalar, monografiyalar baspadan shıǵarılǵan. Sinergetikanıń tiykarı tábiyiy-ilimiy pán bolıp esaplanadı. Jańa ilimiy jónelisti G.Xaken "sinergetika" dep atadı. Sinergetika grekshe sóz bolıp (cinergena) awdarması" óz-ózin qáliplestiriw" degen mánisti bildiredi. Òz-ózin shólkemlestiriwdiń bir qansha atları bar. Sinergetikaǵa túrlishe at beriwimiz múmkin. Germaniyada sinergetika, nemec tilinde is júritiwshi mámleketlerde dissipativ struktura, Belgiya ilimiy mektebinde Nobel sıylıǵı lawreatı I.Prigojin basshılıǵında alıp barıldı. AQSh da bolsa dinamikalıq xaos dep ataldı. Dinamikalıq xaos túrli sistemalarda bar ekenligi anıqlandı. Xakennıń pikirine kóre, sinergetika fizikada ashıq sızıqlı emes sistemasın úyreniwden baslaydı. Biraq sinergetika fizikalıq teoriya emes bolıp, bálki strukturalıq óz-ara baylanıslardıń teoriyası bolıp, matematika tilinde hám verbal dárejesinde sıpat jaǵınan túsindiriliwi múmkin. Abstrakt tárepten qaraǵanda sebebi sinergetika jámiyetlik, ekonomikalıq, sociologiya pánleri menen ulıwmalıq kóriwimiz múmkin.

Sinergetika G.Xaken tárepinen XX ásirdiń 70-jıllarında payda bolǵan bolsa hám házirgi dáwirde hám ol jańa ilimiy jónelis dep esaplanadı. Sinergetika - ashıq quramalı strukturalardıń óz-ara baylanıslıǵın úyreniwshi, ashıq taraw, sol sebepli onıń bazi túsinikleri házirgi künge shekem anıqlanǵan emes. Buǵan sebep jas alımlardıń ilimiy izleniwleri alıp barıw pán hám insan barlıǵında fundamental principlerdi payda etiw ushın imkaniyat jaratıp beredi.

«Házirgi Jańa Ózbekstan rawajlanıwınıń jańa stadiyası sıpatında, rawajlanıwdıń jańa sapa dárejesin ańlatadı. Bul process jańa burılıs momentin ańlatıp, sinergetikalıq kóz-qarastan jańa sociallıq bifurkaciyanıń kóriniwin bildiredi. Bunday sociallıq bifurkaciya sharayatında sistema tek ǵana turaqlı jańa tártipke ótip qalmastan, sonıń menen birge, xaos rejimine ótiwi múmkin. Sol sebepten, hár bir mámleket anıqsızlıq sharayatı halatında sociallıq qáwiplerdi, sociallıq xaostı, sociallıq risklerdiń aldın alıw maqsetinde ózleriniń rawajlanıw strategiyasın belgilep aladı. Global anıqsızlıq sharayatında Ózbekstan óziniń strategiyalıq maqseti esaplanǵan Jańa Ózbekstan, Úshinshi Renessans modellerin tańladı. Bul jerde biz bifurkaciya túsinigin ilimiy analiz etemiz. Sistemanıń bifurkaciya tochkasında sistemanıń rawajlanıwı halatınıń eki imkaniyatı bar boladı. Birinshisi, tosınarlıqlar húkimranlıq etip, proceslerdiń rawajlanıwın tek ǵana tısqarıdan gúzetiwimiz múmkin. Ekinshisi, proceslerdi basqarıw ushın bir tásirdi qollap maqsetli háreket etiw lazım» [4].

Bunı sinergetikalıq mazmunda alıp qaraǵanımızda jańa bifurkaciya tochkası bolıp esaplanadı. Bifurkaciya tochkası sociallıq proceslerdiń rawajlanıwındaǵı jańa sapa ózgeriw momentin sáwlelendiredi. Bifurkaciya tochkasında sociallıq sistemanıń keyingi halatın anıq aytıp bolmaydı hámde onıń rawajlanıwı kóp variantlıqqa iye boladı. Sociallıq sistema bunday halattan kóp ǵana rawajlanıw jollarınıń birin tańlaw jolı menen shıǵadı. Bunı sinergetikada attraktor dep ataymız. Máselen, Ózbekstan Jańa Ózbekstanǵa qádem qoyıw processin bastan keshirmekte. Ózbekstan Jańa Ózbekstanǵa ótiwi processi – bul jańa attraktor degeni. Jańa sapa ózgeris degeni. Bunday jańa sapa ózgeriske ótiwde intensiv tárizde ámelge asırıw teoriyalıq hám ámeliy tárepten nátiyjeli usıl bolıp xızmet etedi. Bifurkaciya tochkasında bunday halat sociallıq reallıqta da usınday analogiyalıq halatqa iye. Bunda sociallıq procesler tosınarlıq fluktuaciyalar tásirinde rawajlanıp, sociallıq entropiya kúsheyiwi yaki procestiń keyingi rawajlanıw variantın sanalı tańlaw menen anıqlaw múmkin. Buǵan mısal, házirgi Ózbekstannıń Jańa Ózbekstan, Úshinshi Renessans stadiyası sıyaqlı jańa rawajlanıw basqıshına ótiwi menen baylanıslı tárizde anıqsızlıq sharayatında rawajlanıwdıń kóp variantlıǵı halatında Ózbekstannıń jańa attraktorǵa shıǵıwın ańlatadı. Bul óz náwbetinde, zamanagóy Ózbekstannıń sociallıq bolmısın analiz qılǵanımızda anıq kóriniske iye boladı.

Jańa Ózbekstan jańa sociallıq reallıq sıpatında sistemalastırıwdıń tiykarǵı faktorları sıpatında biz tómendegilerdi kórsetip ótemiz: tálim hám pán, innovaciya, sociallıq juwapkershilik, sociallıq belsendilik, puqaralıq poziciya, sociallıq qadaǵalaw hám qádiriyatlar ústinligi h.t.b.

Jańa Ózbekstandı qurıwda óziniń bir qatar ólshemlerinen jáne biri – hár bir insanda juwapkershilik sezimi menen jasaw qásiyetin qáliplestiriw bolıp esaplanadı.

Jańa Ózbekstannıń mazmunın quraytuǵın faktorlardıń biri sıpatında puqaralardıń sociallıq juwapkershiligi alıp qaraladı. Insannıń, jámiyettiń hám mámlekettiń kóp táreplemeli óz-ara baylanısın tártipke salıw sistemasında onıń roli juwapkershiliktiń sociallıq fenomen sıpatında

PDF-XChange Viewer Click to buy NOW! www.docu-track.com

PDF-XChange Viewer Click to buy NOW! www.docu-track.com

jámiyettegi jekke individlerdiń, toparlardıń, shólkemlerdiń iskerlikleriniń shegaraların anıqlaw menen belgilenedi.

Xalqımız hám jaslarımızdıń párawan, tınısh hámde baxıtlı turmıs keshiriwi, álbette, bilimlendiriw tarawında ámelge asırılıp atırǵan reformalarǵa baylanıslı. Bilimniń sapasın asırıw – Jańa Ózbekstannıń jańa sociallıq reallıq sıpatında rawajlanıwınıń birden bir tuwrı jolı bolıp esaplanadı.

Álbette, Jańa Ózbekstannıń jaslarında bilimge talabı kúshli bolsa ǵana jámiyetimizde bilim qádiriyatqa aylanadı hám dialektikalıq kóz-qarastan bilim sapalı bilimge aylanadı. Jámiyetimizde bilim qádiriyatqa aylanıwı ushın mámleketimiz tárepinen jaslarımızǵa sapalı bilimdi iyelewinde joqarı dárejede imkaniyatlar jaratılǵan. Jańa Ózbekstandı jańa sociallıq reallıq sıpatında qurıwda sapalı bilimniń ornı úlken. Sapalı bilim kóz-qarasınan jaslarımız ruwxıy jaqtan jetilispese, onda erjetken bolıp esaplanbaydı. Sebebi, sapalı bilim arqalı jaslarımız ruwxıy jaqtan jetilisedi hám erjetken bolıp esaplanadı.

Juwmaqlastırıp aytqanda, Jańa Ózbekstan – jańa sociallıq reallıq sıpatında jámiyettiń barlıq tarawlarında sonıń menen birge, sociallıq, ekonomikalıq, siyasiy, huqıqıy, ruwxıy sistemalarda jańalanıwlar, atap aytqanda, jańasha dúnyaǵa kóz-qaras, jańasha sezim, jańasha jantasıw, jańasha pikirlew, jańasha oylawdı talap etedi. Bunday jańa sapanı qurıwda insan kapitalı, tálim hám innovaciyalar zárúrli áhmiyetke iye boladı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**


1. Буданов В. Методология синергетики в постнеклассической науке: принципы и перспективы // http:// www. intelros. ru/intelros/reiting/ reyting_ 09/material_sofiy/5242-metodologiya-sinergetiki-v-postneklassicheskoj-nauke-principy-i-perspektivy.html.
2. Хакен Г. Синергетика: Иерархии неустойчивостей в самоорганизующихся системах и устойствах. Пер. с анг. – М.: Мир, 1985. – С. 9.
3. Климонтович Ю.Л. Введение в физику открытых систем // Соросовский образовательный журнал. – 1991. №8. – С.111.
4. Оразбаев А.К. Янги Ўзбекистон – янги ижтимоий реаллик сифатида: фалсафий синергетик таҳлил. Бердақ атындағы ҚМУ Вестник. Хабаршысы 2021-жыл №2 сан, 178-180 бетлер.
5. Трубецков Д.И. Введение в синергетику. Хаос и структура. – М.: Едиториал УРСС, 2004.
6. Пригожин И., Николис Г, Познание сложного: Введение. – М.: Едиториал УРСС, 2003.



**REZYUME.** Bul maqalada sinergetika paradigmasınıń jámiyetti úyreniwdegi metodologiyalıq roli analiz qılındı. Sonıń menen birge, jámiyet sızıqlı sistema emes, bálkim sızıqlı emes sistema sıpatındaǵı qásiyetleriniń mazmun hám mánisi ashıp berildi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье анализируется методологическая роль синергетической парадигмы в изучении общества, раскрывается содержание и сущность характеристик общества как нелинейной, а не линейной системы.

**SUMMARY.** The article analyzes the methodological role of the synergetic paradigm in the study of society, reveals the content and essence of the characteristics of society as a nonlinear, rather than a linear system.


## И.ЮСУПОВ ЛИРИКАСЫНДА ЖАНЛАНДЫРЫЎ АРҚАЛЫ ЖАСАЛҒАН МЕТАФОРАЛАР


**Гуззал Отепбергенова –** *филология илимлери бойынша философия докторы (PhD), Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты Нөкис филиалы*



**Таянч сўзлар:** метафора, поэтик метафора, лингвистик метафора, индивидуал – муаллиф метафора, индивидуал услуб метафора, жонлантирилган метафора

**Ключевые слова:** тропы, метафора, поэтическая метафора, языковая метафора, индивидуально-авторская метафора, олицетворения метафоры

**Key words:** tropes, metaphor, poetic metaphor, linguistic metaphor, individual - author metaphor, individual style metaphor, personification metaphor


Метафора – поэзияның тийкарғы тырнағы, поэзия образлардан куралған, ал метафора болса сол образ жасаўдың ең баслы усылы болып табылады. Испан философы Хосе Ортега-и Гассет «Две главные метафоры» мийнетинде: «… метафора – сананың баҳалы